ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№216 (22.874) ● 2014 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 30, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЗышыІэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ къыхураджэ

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щаІущІащ «Дин пэжкэр: зышыІэныгъэмрэ мамыру зэдэпсэунымрэ къыхуеджэн» конференцым хэтыну республикэм къеблэгъа хьэщІэ лъапІэхэм. КІуэкІуэ Юрий фІэхъус псалъэкІэ къызэІуиха иужькІэ жиІащ республикэм щекІуэкІыну зэІущІэ щхьэпэр и гуапэ зэрыхъур.

- ДЭ ДЫЩОГУГЪ мы зэІущІэр ди щІалэгъуалэм я зэхэщІыкІым зегъэубгъунымкІэ, дин зэмылІэужьыгъуэхэр щызэрахьэ республикэм исхэм яку зышыІэныгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ дэлъынымкІэ сэбэн хьуну. Дэри апхуэдэ унэтІыныгъэ зиІэ Іэхуэхэр дэтІыгъуну дыхьэзырыд. Хуабжьу си гуапэщ ди къэралым и хэгъуэгу 85-м ящыщу ди деж нэхъ ффІэкъабылу фыкъызэреблагъар. ЩхьэхуэУ фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейт Мусылымэн щІэныгъэлІхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и гъэсэныгъэ, ди

ЗэфIагъэкIар къапщытэж, къапэщылъыр яубзыху

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Парт проектхэр гъэзэщIа зэрыхъум и гугъу щищIым, Бозийр ыкIытеувIащ федеральнэ программэу 23-рэ, хэгъуэгу программэу 4, щIыналъэ программэу 5 гъэзэщIэным яужь зэритыр. Абыхэм ящыщу 25-м социальнэ унэтIынигъэ яIэщу. Апхуэдэу 2014 гъэм «Урысей зэкъуэт» партым 2016 гъэ хъуху «Егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэн» проект щхьэпэ иригъэжьащ, абы егъэджэныгъэм и Iыхьащ кьыдэщIеубыдэ (курыт щIэныгъэ, курыт IэщIагъэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ).

2013 - 2014 гъэхэм хэгъуэгум ит сабий гъэсапIэхэр кьызыхуэтынышу кьызэрагъэпэщыным «Урысей зэкъуэт» партым и жэрдэмкIэ сом мелуан 889-рэ сом мин 638-рэ хуухахащ. Сабий 980-рэ щIэхуэну Налшык, Нарткъалэ, Прохладнэ кьалэхэм, Жэмтхьалэ, Каменномост, Курп Ищэ кьуажэхэм гъэсапIэхэр щаухуэ. Сабий гъэсапIэм щылажьэхэм я улахуэм хагъэхъуащ. НыбжьыщIэхэр узынпэн папщIэ спортым драгъэхьехьн мурадкIэ ялэжьри мащIэкъым, партым и жэрдэмкIэ мы гъэм а унэтIынигъэм сом мелуан 34-м щIигъу хуухахащ. Гулъытэнпэу кьэбгIанэ зынукъым партыр зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэм зэрыдэIэпыкъуи, «Дэ фIыуэ кьыдгуроIуэ кьэкIуэнур дахэ хъун папщIэ ди щIэблэм щIэгъэхуэбжауэ дыдэрегъуэгъуэнур, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, гъэсэныгъэ зыхэлъ щIэблэр фIыгъуэм я нэхъыщхьэу зэрыщытыр», - жиIащ къэпсалъэм. Зэрынэрылъагъущ, зи гугъу тщIы пIалъэм къриубыдэу зэфIэдгъэкIар мащIэкъым, ауэ зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр зэдгъэхъулIэн папщIэ къытпэщылъыр нэхъыбэжщ.

Партым и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ 2014 гъэм и шыпхьэIу мазэм Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым зэрызыхуигъэзар: «Дэ дежкIэ, сыт щыгъуи хуэдэу, нэхъыщхьэр ди кьэралыгъуэ Iуэхуэгъэр, ди кьарури зэфIэкIри зыхуэдунэтIын хуейр ди цIыхухэрщ. КьытхъыкъуэкI лъэпощхьэпохэр зэрызэдгъэзэхуэжьыным, мураду тщIахэр зэрызэдгъэхъулIэным яужь дитыпхъэщ. Ди кьэкIуэнур зэпытар дэращ. Политикэ, гражданн институтхэм я фIагъыр, цIыхухэм я псэукIэр едгъэфIэкIуэн хуейщ». Абы кьищынэмыщIауэ, партым и щIыналъэ кьудамэм ди республикием и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий и социальнэ-экономикэ унэтIынигъэр диIыгъ зэпытщ.

Зыкъом гъунэгъун партым кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжхэм ящыщу Кьэрал Дуэмэ, щIыпIэ самоуправленэхэм я депутатхэм я хэхьныгъэм зыхуагъэхьэзырынар, ар егъэкIуэнымыр.

- Зэрыпэрылъагъущи, мурадымрэ кьалэнымрэ мащIэкъым, ауэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт партым щIэгъэкъуэн кьыхуэхъу дэтхэнэми, - и псалъэхэм я кIэуху жиIащ Бозийм.

Партым щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ щIыху 20 хагъэкIри, апхуэдизи советым щIэуэ хагъэхьащ, ягъэбелджылащ спискэу кьыхуэтынуэрри. Кьызэхуэсахэм зэдзэрэзыуэ Бозий Натбий секретарь абы и япэ кьуэдэху Биткокъу Владимир, къудэхэуэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Берд Хьэрэтэлий, Марьяш Иринэ, Кунниковэ Татьянэ, Саенкэ Татьянэ сымэ хахащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Токъмакъ Азик Нурхьэлий и кьуэм етыным и IэухукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м ***Налшык къалэ*** ***№ 102/1-5***

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту хаха Чеченов Ануар Ахьмэт и кьуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и пономочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхьащIам кьыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и IэухукIэ» 2008 гъэм шыщхьэIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон № 56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Токъмакъ Азик Нурхьэлий и кьуэм етыным и IэухукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и IэухукIэ» 2008 гъэм шыщхьэIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон № 56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

2. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэухуащ Iэпхъэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Токъмакъ Азик Нурхьэлий и кьуэр тхыным и IэухукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м ***Налшык къалэ*** ***№ 102/2-5***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Токъмакъ Азик Нурхьэлий и кьуэр тхыным и IэухукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и IэухукIэ» 2008 гъэм шыщхьэIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон № 56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъум етыным и IэухукIэ

2. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэухуащ Iэпхъэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъум етыным и IэухукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м ***Налшык къалэ*** ***№ 102/3-5***

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъум етыным и IэухукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и IэухукIэ» 2008 гъэм шыщхьэIум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон № 56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 5-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъум етыным и IэухукIэ

2. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэухуащ Iэпхъэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъур тхыным и IэухукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м ***Налшык къалэ*** ***№ 102/4-5***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъур тхыным и IэухукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъур тхыным и IэухукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым ятхам зэрыхахамкIэ удостоверенэ ятхащ.

3. Мы унафэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iэухуащ Iэпхъэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэщ
ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхьэрэ Жылагъуэ Iуэху

КъулыкъущIэхэр хоплъэ

Улахуэ нэхъ мащIэ дыдэу (МРОТ) етIанэгъэ щыщIэдзауэ цIыхухэм къахьынур сом 6200-м нэс хагъэхъуэнущ. Иджыпсту ар сом 5554-рэ хъуауэ ащ. Хэхъуэр процентни 6,7-рэ хъунущ. Ауэ щыхъуэКи МРОТ-мра упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуей ахъшэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр процент 63,2-кIэ нэхъ мэщIэнущ, 2013 гъэм ар процент 66,1-рэ хъуауэ щытащ.

● Ахъшэ

УЛАХУЭ нэхъ мащIэр хэгъэхъуэн зэрыхуейм блыщхьэ кIуам щытепсэльыхьащ социальнэ-лэжьыгъэ зэхуэдгъэIэхэр зегъэкIуэныжкIэ лъэныкъуищ комиссэм хэтхэм я зэлъущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ вице-премьер Голодец Ольгэ. МРОТ-р хэгъэхъуэн зэрыхуейр законопроектым хагъэхьащ, дяпэкIэ тепсэльыхьыну.

УФ-м Лэжьыгъэмкlэ и министерствэм кьызэрыщыджаIамкIэ, улахуэмрэ упсэун папщIэ нэхъ мащIэу узыхуей ахъшэмрэ зэрызэпхъащкI процентыр нэхъ мащIэ щIэхъуэм техническэ зыхъэсыгъуэщ иIэр - Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэр мы гъэм хэплъэжащ упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуей ахъшэм икIи ар сом 8794-м нагъэсащ.

Фигу къэдгъэКIыжыщи, лэжьыгъэмкlэ министр Топилин Максим мызэ-мытIэу жиIащ 2018 гъэм инхьэлIэу улахуэ нэхъ мащIэ дыдэр упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуей ахъшэм хуэдиз зэращIыну. Къэбгъэлъагъуэмэ, иджыпсту щыIэ унафэм ипкъ иткIэ, а тIур зэхуэдизу щытын хуейт. Ауэ властыр щощынэ улахуэр зэуэ хагъэхъуэну. Псалъэм зыкъыгIуэу жыпIэмэ, МРОТ-р зэрыхагъэхъуэнум теухуа законым и проектым тхыгъэ щIыкIу дэщIыгъуащ, улахуэ нэхъ мащIэ дыдэр сом 6200-рэ ящIу щытмэ, щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм цIыхухэр IуагъэкIын хуей зэрыщыхъунур иту.

Апхуэдэ къэхъу хъужькъуэми, цIыхухэр лэжьыгъэншэу кьызэрымынэнум шэч кьытрахьэркъым ведомствэхэм, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, иджыпсту Урысейр хуэныкъуэщ лэжьакIуэ мелуани 2,2-рэ. А бжыгъэм хэхъуэ зэпытуи йокIуэкI.

ЦIыхухэм я еплъыкIэр зэщхьэщокI. Кьащта унафэм профсоюзхэр арэзы тохъуэ, ауэ кьыхагъэщ МРОТ-р зэрыхэхъуэм арэзы кьызэримыщIыр, Лэжьыгъэмкlэ министерствэмрэ Правительствэмрэ улахуэ нэхъ мащIэр нэхъ псынщIэу зэрыхагъэхъуэным, упсэун папщIэ узыхуей ахъшэ бжыгъэм нагъэсыным я кьару псори ирахьэлIэн зэрыхуейр.

IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм кьызэралъытэмкlэ, МРОТ-р зэрыхэхъуэ псынщIагъыр инфляцэм щхьэщокI.

Иджыри зы Iуэхуэм цIыхухэр хуабжьу топсэльыхь. Ар - лэжьыгъэм иджыри пэрыт пенсионерхэм я пенсэм и Iыхьэ нэхъыщхьэр (базовэ Iыхьэр) кIэрыдуныныр. Ауэ ар псоми яжьэхэуэнукъым, атIэ етIанэгъэ пенсэ кIуэхэм я дежщ кьыщежьэнур. Финансхэмкlэ министрым и къуэдзэ Лавров Алексей зэрыжиIамкIэ, лажьэ пенсионерхэм я Iыхьэр ирамыту щытмэ, федеральнэ бюджетым етIанэгъэ - сом мелард 30,5-рэ, 2016 гъэм - сом мелард 96-рэ, 2017 гъэм сом мелард 169,9-рэ хэхъуэу иIэнущ. Абы кьыдэкIуэу, министрым и къуэдзэм кьыхилъхьащ сабий гъэсапIэхэм хухах субсидиехэр Iухьыжьи хуейуэ.

Голодец Ольгэ Лавровым кьыхилъхьа Iуэхугъуэхэр кьемызэгъыу кьилъытащ. Апхуэдэуи пенсэм и Iыхьэ нэхъыщхьэр лажьэхэм емытынырэ щIэуэ кьежьа пенсэ реформэм кьигъэувэжи зэрыпэщIэуэр ягу кьигъэКIыжащ.

ГРИЦЮК Маринэ.
«Российская газета»

● Щыуэпс

Къабзагъэм фегугъу

УФ-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм щытепсэльыхьащ Урысейм и хэгъэгуэхэм я экологиемрэ Iуэху зыIутым. Рейтингым къызэригъэлъэгъуэмкIэ, Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм я кьалащхьэхэр и кIэ дыдэм итщ. Псалъэм папщIэ, Мэхъэчкьалэ 75-нэ увыпIэм щыIэщ, Налшык 71-нэщ, Грозныр кьалэр 77-нэщ, Владикавказ 64-нэщ. Иужьрей дыдэ увыпIэр - 87-р - зыльысар Магаданщ. НэхъыбIыуэхэм ящыщщ Черкесск кьалэр. Абы 14-нэ увыпIэр ираташ.

"Кавказ политикэ" сайтым зэритхьмкIэ, хъэщщытэныгъэр зытращIыкIыр 2013 гъэм зэкъуэхэса бжыгъэхэрщ. Министерствэм рейтингыр щыIэжиIлъхьэм гупыытэ зыхуищIахэм ящыщщ хьэуамрэ псымрэ я кьабзагъэр, пхъэнкIийр зэрыIуахыр, автотранспортыр кьалэм дэтым я бжыгъэр, къатъсэбэп энергокъарухэр, щIыпIэм паркрэ щхъуантIагъэу итым я бжыгъэр, дыкъэзыухъурейх дунейр кьабзэу хьумэным хухах ахъшэр, нэгъуэщIхэр.

Хьэуар зыуцIэпI уней Iэхуащ Iапхъуэхэм я гугъу пыухыкIауэ ящIакъым, ауэ Осетие Ищхьэрэ-Аланием щылажьэ эколог Хадиков Ацамаз зэрыжиIамкIэ, Владикавказ дэт «Электроцинк» Iэхуащ Iапхъэм Кавказ Ищхьэрэ псор зэтреуцIэнIэф.

УФ-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэм щылажьэ эколог Ходаков Ацамаз зэрыжиIамкIэ, ар кьалэхэм хьэуари щыкъабзэщ, псыри фIыуэ кьыщагъэсэбэп, транспорт системэмкIи фIыщ, щхъуантIагъэхэмкIэ зыхуей хуэгъэзащ, энергокъарухэри тэмэму щызэтеублащ.

БЭРОКЪУЭ Артур.
«Хуитныгъэ» радио

● Адыгэ щIэин

1468-1496 гъэхэм Мысырым и сулътIану щыта Къаит-бей и цIэр зезыхьэ мэжджытыр, мыдрисэр, мавзолейр иджыпсту Каир зыгъэдахэ ухуэныгъэхэм ящыщщ. Ар Къаит-бей и къуэ аль-Насир Мухьэмэд иригъэщIауэ щытащ.

Сурэтыр трихащ иджыблагъэ Каир зыщызыплъыхьа ди корреспондент Къарей Элинэ.

Хрущеврэ Брежневрэ зэдзэкIакIуэхэм зэрадэлэжьар

- Иджыпсту къэрал унафэщIым и докладыр зэIущIм и пэ кьихуэу зэдзэкIакIуэхэм иратыркъым зыхагъэгъуэзэн папщIэ, - жеIэ Хрущевым дэлэжьа зэдзэкIакIуэ Бреус Евгений. - Совет лъэхъэнэм и зэманым ар Iэмал зимыIэт. Ауэ абы щыгъуэми зи Iэщlагъэм фIыуэ хэзыщIыкI зэдзэкIакIуэр тхыпIымпIэ напэм елпъ нэхъ, псалъэм гупсэхуу едэIуэныр нэхъ кьищтэрт, апхуэдэу нэхъ ущыуэнутэкъым. Генсек Хрущев Никитэ нэхъ пасэу хуагъэхьэзыра, партым и ЦК-р зыхэплъэжа тхыгъэм куэдрэ кьыщытекI щыIэт.

Яэныкьуэхэм дек Хрущевыр егъэлеяуэ тKIийуэ щыпсалъэ щыIэт. «Зауэ щIыIэр» щекIуэкIым и лъэхъэжэм Польшэм и посольствэ Москва щыIэм капитализмэр щиубыт. И къэпсэльэныгъэр зэриухар зэдзэкIакIуэм мыпхуэдизу жиIат: «Дэ фэ фыщIэттIэнщI».

Хамэ къэрал кьикIа цIыхухэм жаIэнур ямышIэжу кьэуIэбжьат. Iэхур зэхагъэкIа нэужь, Хрущев Никитэ жиIар хьэкъ хъуащ: «Дэ фи яужьи дыпсэунущ!»

- Зэгуэрым ди зэдзэкIакIуэ зыбжанэ Хрущевым и гъусэу Франджым ягъэхуей зэрыщыхъунур иту.

Апхуэдэ къэхъу хъужькъуэми, цIыхухэр лэжьыгъэншэу кьызэрымынэнум шэч кьытрахьэркъым ведомствэхэм, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, иджыпсту Урысейр хуэныкъуэщ лэжьакIуэ мелуани 2,2-рэ. А бжыгъэм хэхъуэ зэпытуи йокIуэкI.

ЦIыхухэм я еплъыкIэр зэщхьэщокI. Кьащта унафэм профсоюзхэр арэзы тохъуэ, ауэ кьыхагъэщ МРОТ-р зэрыхэхъуэм арэзы кьызэримыщIыр, Лэжьыгъэмкlэ министерствэмрэ Правительствэмрэ улахуэ нэхъ мащIэр нэхъ псынщIэу зэрыхагъэхъуэным, упсэун папщIэ узыхуей ахъшэ бжыгъэм нагъэсыным я кьару псори ирахьэлIэн зэрыхуейр.

IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм кьызэралъытэмкlэ, МРОТ-р зэрыхэхъуэ псынщIагъыр инфляцэм щхьэщокI.

Иджыри зы Iуэхуэм цIыхухэр хуабжьу топсэльыхь. Ар - лэжьыгъэм иджыри пэрыт пенсионерхэм я пенсэм и Iыхьэ нэхъыщхьэр (базовэ Iыхьэр) кIэрыдуныныр. Ауэ ар псоми яжьэ-хэуэнукъым, атIэ етIанэгъэ пенсэ кIуэхэм я дежщ кьыщежьэнур. Финансхэмкlэ министрым и къуэдзэ Лавров Алексей зэрыжиIамкIэ, лажьэ пенсионерхэм я Iыхьэр ирамыту щытмэ, федеральнэ бюджетым етIанэгъэ - сом мелард 30,5-рэ, 2016 гъэм - сом мелард 96-рэ, 2017 гъэм сом мелард 169,9-рэ хэхъуэу иIэнущ. Абы кьыдэкIуэу, министрым и къуэдзэм кьыхилъхьащ сабий гъэсапIэхэм хухах субсидиехэр Iухьыжьи хуейуэ.

Голодец Ольгэ Лавровым кьыхилъха Iуэхугъуэхэр кьемызэгъыу кьилъытащ. Апхуэдэуи пенсэм и Iыхьэ нэхъыщхьэр лажьэхэм емытынырэ щIэуэ кьежьа пенсэ реформэм кьигъэувэжи зэрыпэщIэуэр ягу кьигъэКIыжащ.

ГРИЦЮК Маринэ.
«Российская газета»

● Лермонтов Михаил къызэралъхурэ илъэс 200 ирокъу

Сыт щыгъуи зыгуэр къохъу

Лермонтов Михаил щыпсэум дунейм къытехьар и зы тхылъщ, абы и усэ 400-м щыщу къыхихар 26-рт. Ар икъукIэ и щхьэ хуэтKIийжт, икIи фIыуэ кьыгуриуэрт Пушкин и ужькIэ ди къэралым усэ щытебдзэныр жэуаплныгъэ ину зэрыщытыр. Лермонтовым и усэхэр ипжкIэ типсэ зэпытт, уеблэмэ, къэкIуэнури кьыхэщыт. XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм (тхакIуэр илъэс 15-м иту) абы революцэ къэхъункIэ зэрыхъунур кьищIат («Настанет год, России черный год, Когда царей корона упадет»), апхуэдэу Граждан зауэ шынагъэшми («И пища многих будет смерть и кровь») тетхыхат. А усэ сатырхэр абы и еджакIуэ дэфтэрым ириттхуат. УсакIуэр пасэу дунейм зэрехьыжыну зыхищIэрт: «Кровавая меня могила ждет, Могила без молитв и без креста». Лермонтов Псыхуабэ деж щыщIалъхьам хуагъэува сыным и цIэм фIэкIа зыри теттэкъым. ТхакIуэм кьыщIэнахэр и анэшхуэм Тарханы иригъэщIэжу щIригъэпхьэжа иужь абы и кхъащхьэм члиса щаухуауэ щытащ.

Лермонтов укIыпIэ зэрырашам иджыри зэIуамыбз куэд хэлъщ, а Iуэхум хэтахэм жаIэр зэтемыхуэу, зэ жаIар етIуанэу жамыIэжу кьекIуэкIащ. ТхакIуэмебгъэрыкIуэу зэрахкIам щыхьэт техьэхэм ящыщщ уIэгъэ хъуа щIалэщIэр лъыр кьыпIэжу сыхьэт зыбжанэкIэ уэшхым зэрыхэтар...

Николай Езанэм Лермонтовыр дунейм зэрехьажар кьыщищIам («Пушкин и пIэм иуэвэфын щIалэ тIощIэкIащ» жиIауэ щытащ. Пщышхэм ипхъу Ольгэ тхакIуэм и Iэдакъэщ IэкIэхэр хуабжьу фIыуэ зэрилъагъуэм и щыхьэтыр, «Лермонтовым и лIэныгъэр жылагъуэм ди гуэзвэгъэшхэщ» итыгъат.

НэгъуэщI зы гъэщIагъэуэни хэлъщ Лермонтов Михаил и Iуэхум. Ар дунейм кьызэрытехьэрэ илъэс бжыгъэ хьурей щирикъум ирихьэлIэу сыт щыгъуи ди къэралым зыгуэр кьыщыхьурт. 1914 гъэм (тхакIуэр кьызэралъхурэ илъэсищ щрикъум) Япэ Дунейпсо зауэм щIидзащ, 1991 гъэм (Лермонтовыр дунейм зэрехьэжа илъэси 150-рэ щрикъум) СССР-р кьутэжащ. Иджы, 2014 гъэм, усакIуэр кьызэралъхурэ илъэс 200 щрикъум, Урысеймрэ КъухьэпIэмрэ я зэныкьуэкъумрэ Донбассым щекIуэкI зауэмрэ дотIанэу. Араущ, дэтхэнэми тхакIуэм и хуэщIофыгъэращ, абы и тхылъ кьызэгуэтхьу и усэ сатырхэм дыкьеджэныщ. «У России нет прошедшего, она вся в настоящем и будущем». Си щхьэкIэ а псалъэхэм гушхуэныгъэ кьысхалъхьэри ипэкIэ сагъалплъэ.

СОКОЛОВ-ЛЕРМОНТОВ Владимир.
«АиФ»

Тхьэм и пащхьэ жэуап зэрыщихьа зэчий

- Сэ икъукIэ пщIэшхуэ хуэощI а цIыхум. Илъэс 14-м иту - «Демон», илъэс 22-м гупсысэ куу, хьэл гъэщIэгъуэнхэр къыщыхэтепщIыкI «Маскарад» драмэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ абы.

ГУ ПЫЕФТАМИ сщIэркъым, ауэ Лермонтовыр гуфIэу зы сурэти щыIэкъым. Зыри! Абы кьегъэлъагъуэ ар цIыху зэпIэзэрыту зэрыщытар. Иджыблагъэ «Урысейр усакIуэхэм я кьэралщ» фIэщыгъэцIэр иIэу кьыдэзгъэкIа тхылъыр зэрыщыту Лермонтов Михаил хуэгъэпсащ. Абы итщ мыпхуэдэ усэ: «На всех портретах Лермонтов печален, Порой задумчив, иногда суров. И в дни когда со славою венчали, И сладкий миг предчувствия стихов... Наверное, в душе все было слишком зыбко, И потому невеселы штрихи. Но сохранили нам его улыбку Надеждой озаренные стихи».

Лермонтов Михаил хьэзабхэмыкIыу ирихьэкIащ и гъащIэр. Езыр илъэсищ ныбжьым иту и анэр дунейм ехьажауэ щытащ. ЩIалэ цIыкIум игу кьинэжар и анэм кьыжриIэу щыта гущэкъу уэрэдэрщ. И адэшхуэм лъагъуныгъэ жэуапынщэм и зэранкIэ зиукIыжат. Абы яужь ар лIыгъэкIэ кьыкIэрачащ фIыщэу илъагъуу и адэм. Лермонтовым и адэр дунейм ехьажьным куэд илъэкъу кьыхуитхауэ щытащ: «Уэ иджыри ныбжькIэ ущIалэмэ, узэрыакъылыфIэр си дежкIэ нэрылъагъущ. Уи зэфIэкIыр къэзгъэсэбэп, ауэ ар зэран кьызэрыпхьин е Iуэху мыфэмыщ ухэзышэн Iэмалхэм хуумыгъакIуэ. Ар Тхьэм и пащхьэ жэуап зэрыщыпхьину зэчийщ».

Пэжщ, абы акъыл жан иIаш, ауэ нэхъыбэм и псалъэжр гуащIэт, тKIыбжьт. Ар зи зэраныр щIалэныгъэ Iэхуху кьыхэзгъэкIуэнкIэ арагъэнт. Абы и гум кьыдыхьауэ щыта Полуэнко Варенькэ лIы иратауэ щытащ, езым псэгъу хуэхъуат Федоровэ Наталье. Абыхэм кьищынэмыщIауэ, тхакIуэм фIыуэ илъэгъуат франджы усакIуэ бзылъхугъэ, езыми кьилъагъурт, ауэ абы щхьэгъусэ иIэт. Зэщхьэгъусэхэм я ежьэжыгъуэр кьыщыблагъэм Лермонтовыр Кавказым икIри ахэр иригъэжьэжыну Одессэ нэс кIуаэу щытащ. Фи нэгу кьыщIэнэгъэхьэт бзылъхугъэ цIыкIум и щхьэгъусэр кьежьэу, езыр урыс офицерым бгъэдэмыкIыжьыфу бгъэдэту...

ТхакIуэм и Iэдакъэщ IэкIэхэм я нэхъыбэр и гъащIэм кьыхэхIащ. Ар зыкIэ гъащIэм хуэнэхъуеинщэти, зыкIэ фIыуэ илъагъурти, зэззэмызэ сигу кьокI ар пасэу дунейм зэрехьжыну зыхищIэу зэрыщытам и щыхьэту. Араущ кьыщIэкIынт абы и хуэрегъым кьыщыкъур зэщIишэу, илъагъумкIэ зимыгъэнщIу щIыщытар. Абы фIыуэ кьыгурыуэрт литературэм щыжиIэну и псалъэр, езым нэхьапэ жимыIар иужькIи зэрыжамыIэнур. Сэ хуабжьу сигу кьоуэ усакIуэм и илъэс 200-р зэрыдгъэзапIэ щIыкIэр. Абы и Iэдакъэщ IэкIэр дэнэкIи щыIун - телевизорым, радиом, концертхэм щызэхэтх зэпыту щытын хуейт. Ихуэреягъыр щымащ. «Герой нашего времени» роман тельъыджэр лIэщIыгъуэхэм я джэрпэджэжщ, ар кIэух зимыIэ гъащIэщ.

ДЕМЕНТЬЕВ Андрей,
усакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат;
«Аргументы и факты»

● Тхьыдэм щыщщ

Брежневым и зэдзэкIакIуэхэм я Франджым ягъэкIуат

Брежнев и зэдзэкIакIуэ Суходрев Виктор игу къигъэкIыжыт, генсекым лажьэгъуэ пIалъэр иуха нэужьи куэдрэ зиIэжьэн уэкIэ зэрыхъунур. Брежневым машинэфIэр зэрыфIэфыщ иIэрти, США-м и президент Никсон Ричард Леонид Ильич тыгъэ хьэхуищIат «Линкольн-Континентал» автомашинэ еклур.

- Брежневым си дежь къэпсалъэри, машинэ Iэмэпсымэхэр зэрыт каталог кьызэрыхуахьар кьызжиIащ икIи сыкIуэу сыдэIэпыкъуну кьызэлъэIуащ, - жеIэж Суходревым. - ЗыкIи мысэбэп лажьыгъэм иужь сихьэн хуэт хъущ. Каталогым И Iэмэпсымэхэр кьызэстхыкIыу, ар зэздзэкIэу сыздэощысым Брежневым и телефоныр кьоуэ. Кириленкэ и зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр кьэсати, зригъэутIыпщыну арат.

Трубкэр тришхьэжа нэужь, Леонид Ильич хэгупсысыхьауэ жиIащ: «Сытым ещхь си лажьэгъуэхэр: зыт зыгъэпсэхукIуэ кIуэнущ, хэти аращ. Уэ, дядя Леня, уи закъуэу щыс, уи щхьэр тебгъэкIуэ».

БЕЛИГЖАНИНЭ Аннэ.
«Комсомольская правда»

Планэпэр зыгъэхьэзырар НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэщ.